

Kisa ki genyen nan kont lekòl NYC mwen an ?

Prezans : Wè istwa prezans pase ak aktyèl pitit ou a dapre ane lekòl, paegzanp kantite jou li te anreta oswa absan lekòl.

Klas: Gade nòt ki nan kanè aktyèl pitit ou a, paegzanp nenpòt kòmantè pwofesè pou chak peryòd egzamen ansanm ak nòt li konn abitye fè nan dènye kanè l.

Pwofil elèv la: Wè enfòmasyon sou jan pou lekòl la kontakte oumenm ak pitit ou a.

Evalyasyon: Wè nòt egzamen ELA, Matematik ak oswa nòt egzamen Regents eta Nouyòk pitit ou a.

Orè : Wè orè aktyèl lekòl presegondè ak/oswa lekòl segondè pitit ou a.



Antre nan kont lekòl NYC ou a nan <http://mystudent.nyc>



Jwenn plis enfòmasyon lè w al sou sit : <http://schools.nyc.gov/nycschools>

T&I-24532 (Haitian Creole)

An 2015, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *NYC Department of Education* (NYCDOE) te mete yon nouvo pou w jwenn enfòmasyon enpòtan sou pwogrè pitit ou ap fè lekòl. Avèk yon **kont lekòl NYC**, w ap ka wè prezans pitit ou lekòl, nòt li fè, ak enfòmasyon sou jan pou kontakte lekòl la sou yon konpitè, nan yon telefòn, oswa yon *tablet* nan yonn nan dis lang yo.

Kouman mwen ka kreye yon kont lekòl NYC ?

Ou dwe se paran oswa responsab legal pitit ou epi abite nan menm adrès avèk li pou kreye yon kont. Si w gen plis pase yon pitit nan yon lekòl leta Vil Nouyòk, ou ka mete tout timoun yo nan menm **kont lekòl NYC**. Ou ka enskri w pou yon **kont lekòl NYC** de jan :

- Ale nan lekòl pitit ou a anpèsòn pou yo ba w yon modpas tanporè; OSWA
- Itilize kòd pou kreye kont *Account Creation Code* yo mete nan lèt lekòl pitit ou ye a voye ba w la .

enskri anpèsòn

1. Fikse yon randevou avèk lekòl pitit ou a.

2. Pote bagay sa yo

Dokiman pou idantifye w ki gen foto w Adrès imèl ou

- Paspò
- Lisans chofè
- IDNYC

Pou jwenn plis enfòmasyon sou jan pou fè yon pyès idantite ki gen foto ale nan <http://www.nyc.gov/idnyc>.

Ou ka enskri pou yon adrès imèl gratis nan [Gmail](#), [Hotmail](#), oswa [Yahoo](#).

Nimewo ID Elèv NYC pou timoun ki lekòl

Ou ka jwenn nimewo ID elèv pitit ou a ki gen 9 chif nan kanè pitit ou a. Si w pa gen nimewo ID pitit ou a, mande lekòl ou a.

3. Fè yo ba w yon modpas tanporè :

Lekòl pitit ou ye a ta dwe voye ba w yon lèt konsènan Kòd pou kreye yon kont ak yon Kòd pou kreye yon kòd pèsònè. Si w gen plis pase yon pitit nan lekòl leta Vil Nouyòk, w ap resevwa yon kòd pou chak timoun. Si w pa resevwa yon lèt, kontakte lekòl ou a oswa pran yon randevou pou kreye yon kont anpèsòn.


4. Antre sou kont ou a sou konpitè, nan telefòn, oswa sou yon *tablet*.

Ale nan <http://mystudent.nyc> epi mete adrès imèl ou ak modpass *password* tanporè a. Y ap mande w pou kreye yon nouvo password pou kont ou an, chwazi kesyon sekirite yo ak valide adrès imèl ou a.

Ki pwochen etap mwen dwe pran ?

- ➔ Pran yon randevou avèk lekòl pitit ou a pou enskri pou **kont lekòl NYC** pa w la.
- ➔ Antre sou **kont lekòl NYC** ou a pou gade prezans, nòt ak lòt enfòmasyon enpòtan pitit ou a tankou nòt pitit ou fè nan dènye egzamen eta yo.
- ➔ Itilize **kont lekòl NYC** ou a pou gade enfòmasyon sou pitit ou a nempòt lè.

Sijesyon



Nou envite w bay opinyon w nan fòm pou sijesyon an. W ap jwenn link lan anba aplikasyon an depi ou fin antre nan kont lekòl NYC.



Jwenn plis enfòmasyon lè w al sou sit : <http://schools.nyc.gov/nycschools>

Enskripsyon sou entènèt pou kont lekòl NYC

Anplis, ou ka enskri pou yon **kont lekòl NYC** san w pa ale nan lekòl pitit ou a. Ou ka mande pou resewva yon lèt lekòl pitit ou a ki gen yon Kòd pou kreye yon kont *Account Creation Code* lekòl NYC pou chak pitit ou yo. W ap bezwen kòd sa a ak nimewo idantite elèv 9 chif pitit ou a pou kreye yon **kont lekòl NYC** oswa pou ajoute non yon lòt timoun nan kont ou te deja genyen an.

Enskri w sou entènèt

Ou ka enskri pou yon kont nan nempòt konpitè oswa nan nempòt aparèy ki konekte sou entènèt dapre etap sa yo:

1. Ale sou <http://schools.nyc.gov/myaccount> epi chwazi link "Create Account" ki nan paj *login* lan.
2. Tape Nimewo idantite elèv ki gen 9 chif pitit ou. Ou ka jwenn nimewo ID elèv pitit ou a nan kanè l. Si w pa gen nimewo ID pitit ou a, mande lekòl la.
3. Tape kòd pou kreye yon kont *Account Creation Code* pa w la lekòl pitit ou a te mete nan lèt li voye ba w la, ki espesifik pou oumenm ak pitit ou.
4. Klike "Kontinye" "Next."
5. Tape adrès imèl ou epi konfime l.
6. Kreye yon nouvo *password* epi konfime l.
7. Chwazi "Create Account" apreswa chwazi "SIGN IN" pou w ka *log in* ak imèl ou ak *password* ou.
8. Lè w ap antre nan kont ou an pou premye fwa, w ap bezwen chwazi twa kesyon sekirite epi reponn yo ak valide adrès imèl ou avan pou w ka antre nan enfòmasyon pitit ou a.

Ajoute lòt timoun dou kont ou an:

1. Depi w fin antre sou **kont lekòl NYC** ou a, navige sou paj "Manage My Account".
2. Nan seksyon "Add Students" la, tounen fè etap 2 ak etap 3 pi wo a pou chak lòt pitit ou ke w vle ajoute.
3. Klike sou "Save."

Chak Kòd ou kreye pou yon kont *Account Creation Code* se pou ou ak pou pitit ou a sèlman li ye epi ou pa ta dwe kite lòt moun konnen l. Si se pa non w yo mete kòm paran nan lèt **kont lekòl NYC** la, kontakte lekòl pitit ou ye a oswa telefone nan 311 pou w mande èd pou gen aksè nan dosye pitit ou a.

Plis èd



kont lekòl NYC disponib nan tout ekipman ki gen koneksyon entènèt, tankou *tablets* ak *smart phones*. Si w bezwen aksè nan yon konpitè, al nan bibliyotèk ki pi pre kay ou.



Si w bezwen plis èd oswa si w gen kesyon konsènan jan pou navige nan kont ou an, kontakte lekòl pitit ou a oswa telefone 311.